



ITANGAZO RYO KU WA 8 RUSAMA 2015

UMURWI W'ABANYABURAYA UJEJWE GUKURIKIRANA AMATORA MU BURUNDI URIBUTSA IBIKENEWE KUGIRANGO HABE AMATORA YIZEWE NA BOSE KANDI YO KU MUGARAGARO

Umukuru w'Umurwi w'Abanyaburaya Ujejwe Gukurikirana Amatora mu Burundi (MOE UE Burundi) David MARTIN aramenyeshya ko arajwe ishinga n'amabi yimonogoje mu Burundi kuva imyiyerekano yo kwiyamiriza ikiringo ca gatatu ca Petero NKURUNZIZA itanguye kw'itariki 26 Ndamukiza.

David MARTIN avuga ati : « Narumvise ko itegeko ryugurura ikiringo co kwiyamamaza kw'abazokwitoza ryasohotse kw'itariki 10 Rusama. Mbona ko ibihe turimwo bitorohereza abitoza mu gutangura kwiyamamaza mu mahoro. Numvise kandi ijamba Umukuru w'Igihugu yashikirije mu bimenyeshamakuru uno munsu, igihe yari ahejeje kwiyandikisha ngo yitoze nk'Umukuru w'Igihugu, aho yavuze ko imyiyerekano igiye guhagarara vuba. »

Uwo Mukuru w'Umurwi arongera akavuga ati : « Nimba hakenewe ibiganiro kugira ngo imyiyerekano yo kwiyamiriza ikiringo ca gatatu ihagarare, gufungura abiri mu myiyerekano bafashwe, kwugurura amaradiyo n'ivyuma bituma asamirana vyugawe, uburenganzira bwo kuronka amakuru aciyeye ku ngurukanabumenyi biciye ku ma telefone ngendanwa, iyo yoba ari intambwe nziza ngo habe icuka ciza kugira habe amatora. »

David MARTIN yongeye kuvuga ati : « Nimba naho uko guhagarika imyiyerekano bisigura kubuza no guhasha imyiyerekano igirwa mu mahoro bashikiriza ibibabakiye vyumvikana, ivyo bikaba bitubahiriza amategeko mpuzamakungu itanga uburenganzira bwo guserura ivyiyumviro no kuvuga ikiri ku mutima, ubwo kuja hamwe n'abandi no kuja mu myiyerekano, ivyo ntawovyemera, kandi vyotuma ibintu vyunyuka mu gihugu cose no mu karere, bikanatuma bitoroha na gato ko haba amatora yizewe na bose kandi yo ku mugaragaro.

Irungikwa rw'Umurwi w'Abanyaburaya Ujejwe Gukurikirana Amatora mu Burundi (MOE UE Burundi 2015) ryakwirikiye ubutumire uwo Murwi warungikiye na Leta y'Uburundi kw'itariki 18 Ruhuhuma 2015. Ni Umurwi ugira gatatu ujejwe gukurikirana amatora urungitswe n'Ishirahamwe ry'Abanyaburaya mu Burundi kuva mu mwaka w'2005. Ni Umurwi wigenga w'Ibihugu bigize Ishirahamwe ry'Abanyaburaya, w'Inama y'Ibihugu vya Buraya hamwe rero n'Inama Nshingamateka y'Ibihugu vya Buraya. Uwo Murwi Ujejwe Gukurikirana Amatora yo m'2015 uzokurikirana amatora y'Abashingamateka nay'Umukuru w'Igihugu washitse i Bujumbura kw'itariki 24 Ndamukiza. Uwo Murwi uri ngaha mu Burundi kugira ngo ufashe ngo icuka kibe ciza hanyuma amatora abe aya bose, abe ku mugaragaro, amatora atekanye, kandi yizewe na bose.

BUJUMBURA, 08 RUSAMA 2015

Imirwi y'Abanyaburaya Ujejwe Gukurikirana Amatora yisunga Amasezerano n'Ingingo Mpuzamakungu zerekeye gukurikirana amatora vyashizwe ahabona mu mwaka w'2005 n'Ishirahamwe Mpuzamakungu ONU, hamwe rero n'ingingo igenga abakurikirana amatora.

Mufise ico mubaza : **Umurwi w'Abanyaburaya Ujejwe Gukurikirana Amatora mu Burundi (MOE UE Burundi)**: Alain CHABOD - Ajejwe Kumenyeshya Amakuru No Kugenzura Ibimenyeshamakuru- Telefone ngendanwa : +257 71 09 98 50 - alain.chabod@moeuburundi.eu